

# B



# Plan Daksyon Transpò Blue Hill Avenue

## Otòn 2024 | Repezansyon Plan Konsepsyon

Tanpri ale nan [mbta.com/BlueHillAve](http://mbta.com/BlueHillAve) pou gade enfòmasyon sa yo an Kreyòl Ayisyen, Espanyòl, Kreyòl Cape Verdean, Vyetnamyen oswa Pòtigè. Pou mande tradiksyon nan lòt lang, tanpri kontakte [BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com).

Visite [mbta.com/BlueHillAve](http://mbta.com/BlueHillAve) para ver esta información en español, criollo haitiano, criollo caboverdiano, vietnamita o portugués. Para solicitar la traducción a otros idiomas, póngase en contacto con [BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com).

Acesse o site [mbta.com/BlueHillAve](http://mbta.com/BlueHillAve) para visualizar estas informações em português, espanhol, crioulo haitiano, crioulo cabo-verdiano, ou vietnamita. Para solicitar a tradução em outros idiomas, envie um e-mail para [BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com).

Favor di entra na site [mbta.com/BlueHillAve](http://mbta.com/BlueHillAve) pa odja es informason na crioulo cabo-verdiano, Spanhol, Kriolu di Haiti, Vietnamita, o na Portugues. Pa pidi traduson na otu língua, favor di kontata [BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com).

Vui lòng truy cập [mbta.com/BlueHillAve](http://mbta.com/BlueHillAve) để xem thông tin này bằng tiếng Việt, tiếng Tây Ban Nha, tiếng Haiti Creole, tiếng Creole Cape Verde hoặc tiếng Bồ Đào Nha. Để yêu cầu dịch sang các ngôn ngữ khác, vui lòng liên hệ [BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com).



### Repezantasyon plan konsepsyon Avni Blue Hill nan Lari Walk Hill, ki bay nan direksyon sid.

Depi 2019, MBTA ak Meri Boston ap travay ansanm pou pote amelyorasyon ki bezwen fèt yo nan Avni Blue Hill. Byen bonè ane sa a, MBTA ak Meri Boston te kòmanse kontakte manm kominote yo, blòk apre blòk, pou planifye yon ri miltifonksyonèl ki konble bezwen rezidan yo, pasaje yo ak ti biznis ki nan Mattapan Square ale nan Grave Hall yo. Ekip pwojè a te kontakte 24,000 kay epi yo te patisipe nan 19 evènman sansiblizasyon kote yo te pale avèk plis pase 2,000 moun pou pran pwennvi yo sou tout bagay soti nan kote pwen arè bis yo ye yo rive sou pasaj pyeton, ale nan pyebwa ak espas pakin yo.

MBTA ak Meri Boston te analize kòmantè sa a epi mete li nan reprezantasyon plan konsepsyon sa a pou Avni Blue Hill ki pi **an sekirite, pi byen konekte epi pi dinamik.**

## Yon Avni Blue Hill Ki Pi Sekirite

Amelyore sekirite nan sikilasyon an, espesyalman pou pyeton, se yon priyorite pou konsepsyon sa a. Plan konsepsyon an genyen ladan nouvo pasaj pyeton ki pi kout, pi vizib e ki pi aksesib k ap fè l pi sekirize e pi pratik pou pyeton ki prale nan biznis lokal yo, magazen yo ak kote adorasyon ki nan Avni Blue Hill yo.

## Yon Avni Blue Hill Ki Pi Byen Konekte

Plan konsepsyon pwopoze sa a gen objektif pou pi byen konekte manm kominote yo ak katye yo ak rèsvil la. Yon gwo pati nan pwojè a se vini li vini avèk vwa bis santral pandan tout pakou a pou redui nan reta akòz sikilasyon, amelyore efikasite sèvis la epi kreye posiblite pou gen plis vwayaj bis pou 40,000 moun ki monte bis chak jou. Repezansyon plan konsepsyon sa a gen ladan ant 9 a 11 pè anbakman pou bis, k ap sèvi kòm pwèn arè bis yo. Yo te chwazi kote sa yo paske yo bay pasaje yo aksè pou ale kote enpòtan nan



Patisipan yo nan Jounen Pòt Ouvèt Mattapan lan nan mwa Jen 2024 kote yo te pataje sa yo panse ak espwa yo pou Avni Blue Hill.

kominote a tankou lekòl, pak, bibliyotèk, lojman, distri kòmèsyal ak sant sante yo toutpandan l abòde bezwen sèvis yo tankou amelyore aksesibilite epi amenaje yon bon espas ant pwèn arè yo. Genyen kèk opsyon diferan ki pral detèmine kantite pwèn arè final yo, epi ekip pwojè a vle jwenn pwennvi w sou sa ki kapab pi byen konble bezwen w yo.

Pandan pakou a, ekip pwojè a te travay pou kite anpil espas pakin posib espesyalman nan zòn ki gen plis bezwen yo. Meri Boston pral kontinye devlope règlemantasyon anrapò ak twotwa yo, kèlkeswa se zòn pou pran/depoze moun oswa pakin alontèm yo, pou asire l ke yo reponn a bezwen biznis ak rezidan ki nan tout trajè yo.

## Yon Avni Blue ki Pi Dinamik

Repezantasyon plan konsepsyon an genyen ladan plis zòn pou espas piblik, sa ki bay posiblite pou gen plis pyebwa, enfrastrikti ekolojik, zèv d a piblik, ban, poubèl ak lòt ekipman pou sipòte biznis lokal yo.

### Di Nou Sa Ou Panse! | Sondaj Anliy

Ale sou [MBTA.com/BlueHillAveSurvey](https://www.mbtta.com/bluehillave/survey) pou gade plan konsepsyon an, aprann kòman nou fè rive la epi pataje pwennvi w nan sondaj anliy lan jiska 13 Desanm 2024.



### Gade konsepsyon an ak Tout Pwogramasyon Evènman yo:

Sitwèb pwojè MBTA a:  
[MBTA.com/BlueHillAve](https://www.mbtta.com/bluehillave)

Sitwèb pwojè Meri Boston:  
[Boston.gov/bluehillave](https://www.boston.gov/bluehillave)

### Enfòmasyon Kontak:

Adrès imèl MBTA:  
[BetterBusProject@mbta.com](mailto:BetterBusProject@mbta.com)

Adrès imèl Meri Boston:  
[BLUEHILLAVE@BOSTON.GOV](mailto:BLUEHILLAVE@BOSTON.GOV)

Nimewo telefòn Meri Boston:  
**617-635-3944**